



Pou Piblikasyon Imedya: 28/06/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 121.6 MILYON DOLA DISPONIB POU PWOJÈ ENFRASTRIKTI RAY AK PÒTYÈ NAN TOUT ETA**

***Finansman sipòte amelyorasyon fyabilite ak rezistans nan gwo koridò komèsyal yo***

***Y ap aksepte aplikasyon jiska 6 oktòb 2023***

***Aprann plis epi aplike pou finansman [la a](#)***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a 121.6 milyon dola nan finansman eta ki disponib atravè Pwogram Asistans Ray pou Pasaje ak Kagezon (Passenger and Freight Rail Assistance Program) an. Pwogram sa a finanse pwojè tren ak pò atravè eta a, pou ranfòse koridò komès New York la ak pozisyon li kòm yon destinasyon komès mondyal, pandan l ap amelyore sekirite. Yo pral aksepte aplikasyon yo jiska 6 oktòb 2023.

"Komès dirab se eleman vital pou ekonomi rejyonal ak eta nou an, epi envesti nan wout komèsyal nou yo asire Eta New York ka rete konpetitif sou yon echèl nasyonal ak mondyal", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen ankouraje nenpòt moun ki gen pwojè ki kalifye pou aplike pou finansman sa a paske modènize tren machandiz nou an ak enfrastrikti pò yo enpòtan anpil - pa sèlman pou anpil biznis ki depann sou wout komès ki an sekirite, ki fyab - men pou kalite lavi Nouyòkè yo."

Se Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Eta New York lan ki administre Pwogram Asistans Ray pou Pasaje ak Kagezon an. Yo pral seleksyone pwojè ki gayan yo atravè yon pwosesis apèldòf konpetitif epi ki klase yo sou kritè ki etabli, tankou yon analiz depans ak benefis, jan yo respekte plan devlopman ekonomik rejyonal yo, amelyorasyon sekirite, konpatibilite ak lòt envestisman prive ak piblik yo, ak mezi ki amelyore rezistans epi redui risk klimatik la.

**Komisè Depatman Transpò Eta New York la, Marie Therese Dominguez, te deklare,** "Ray kagezon an se yon eleman kle nan rezo transpò eta nou an, epi lè nou fè envestisman entelijan sa yo, n ap kreye djòb, asire kwasans ekonomik kontinyèl, epi redwi anprent kabòn New York la lè nou ede retire kamyon yo sou wout nou yo. Mwen felisite Gouvènè Hochul pou angajman li pou modènize ak ranfòse enfrastrikti tren kagezon New York, pou asire konpetitivite ekonomik New York la."

**Senatè Eta Tim Kennedy, Prezidan Komite Transpò, te deklare,** "Enpòtans sekirite tren an te vini atire atansyon piblik la lè yo konsidere derayman trajik ak domajan nan East Palestine, Ohio a. Sena a te pran mezi konkrè pandan sesyon lejislatif sa a pou asire nou gen lwa sekirite tren ki pi solid nan nasyon an epi Bidjè Eta a refleto angajman sa a nan ogmante kantite enspektè tren yo atravè eta a. Anons 121.6 milyon dola sa a atravè Pwogram Asistans Ray pou Pasaje ak Kagezon an se yon lòt etap esansyèl pou amelyore sekirite tren ak yon rekonesans sou valè tren pou ekonomi eta nou an."

**Manm Asanble William B. Magnarelli, Prezidan Komite Transpò a, te deklare,** "Mwen kontan wè investisman sa a nan enfrastrikti tren ak pò nou an atravè Eta New York. Pwogram Asistans Ray pou Pasaje ak Kagezon an mentni sekirite, amelyore koridò komès yo, epi pèmèt Eta New York fè konpetisyon kòm yon destinasyon komès mondyal."

Aktivite pwojè ki kalifye yo enkli reyabilitasyon santye ak pon; konstriksyon pak, tèminal ak revètman; eliminasyon obstak pou espas lib yo; konstriksyon ak rekonstriksyon waf, pò ak klwazon; dragaj; refè sifas yon pasaj a nivo; enstalasyon pou estokaj ekipman manitansyon; detektè bò wout ak lòt pwojè ki amelyore mouvman machandiz an sekirite, ak konpetitivite ekonomik epi diminye emisyon gaz efè sè yo.

Depatman Transpòtasyon Eta New York la pral kontinye aksepte fòmilè aplikasyon pou opòtinite finansman sa yo jiska jeudi 6 avril 2023. W ap ka jwenn materyèl oryantasyon ak aplikasyon nan pwogram nan isit la: <https://www.dot.ny.gov/railgrants>

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418